

# Kreye Pwòp Modèl Mesaj Ou

Mesajri se fondman tout estrateji ki pote siksè. Mesaj yo esplike poukisa moun yo ta dwe sousye pou pwoblèm ou an; kreye sansibilizasyon epi kreye yon sans ijans; rakonte yon istwa apwopo objektif ou, vizyon w ak wòl ou; epi founi yon mwayen pou prezante gwo lide.

## Prensip Nou Dakò Sou Yo

Dekri valè fondamantal ki nan kè pwoblèm lan. Elabore sousi an sou yon gwo lide, yon lide ki eksprime kwayans ak emosyon piblik ou an.

*Egzanp:* Tout jenn moun gen dwa pou pwospere nan yon mond kote bezwen yo satisfè epi rèv yo ka tounen reyalitye.

## Opòtinite/Defi

Ki baryè ou gen pou ranvèsè? Ideyalman pwoblèm lan se sa yo ka konprann lan antanke yon pwoblèm kominotè oswa piblik. Poukisa li enpòtan pou dekri ijans sousi an, pa montre pwoblèm an twò gran pou l pa fè moun yo kwè li pa ka rezoud.

*Egzanp:* Sistèm piblik ki egziste deja yo tankou edikasyon, jistis jivenil ak swen sante mantal pap abòde yon fason efikas bezwen tifi ki te viv yon twomatism.

## Solisyon

Defini solisyon an apati opinyon w. Moun k ap koute/lektè ou yo pral enspire si w ka di yo ou konn sa pou fè. Li pral bati konfyans yo nan ou tou. Mete òganizasyon w ak misyon li nan mitan solisyon an.

*Egzanp:* Pwofesè ak konseye yo nan enstitisyon piblik ki sanble ak diferan ras nan kominote y ap sèvi, yo patikilyèman bati yon relasyon konfyans avèk tifi ki te viv twomatism epi ede tifi sa yo devlope.

## Aksyon

Kisa moun k ap koute/lektè dwe fè? Sa ka senp menm jan ak “apran plis,” “vizite sit entènèt nou an,” elatriye, oswa “tanpri ekri/rele/vizite reprezantan ki eli yo.” Mande soutyen finansye tou se yon apèl pou poze aksyon.

*Egzanp:* Suiv nou sou Twitter pou aprann fason pou ogmante divèsite nan enstitisyon k ap sèvi jèn yo.

